

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh struktur jeung ajén politik naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga. Dina strukturalna, ieu panalungtikan maluruh struktur naskah drama anu ditétélakeun ku Isnendes nu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, épisode, kramagung, solilokui, aside, jeung épilog. Salian ti éta, ieu panalungtikan maluruh unsur carita naskah drama maké tiori struktural Stanton anu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana carita, ogé maluruh ajén politik anu didadasaran ku pamadegan Marbun jeung Krisna ngeunaan politik. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis ngaliwatan téknik talaah pustaka, analisis data jeung interprétasi. Anapon instrumén panalungtikan nu dipaké nyaéta kartu data struktural, jeung kartu data ajén politik.

Sabada ditalungtik, ieu naskah drama teu nyumponan struktur naskah drama kalawan lengkep. Struktur dina ieu naskah ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, kramagung, solilokui, jeung aside. Ieu naskah teu miboga épisode jeung épilog. Téma dina ieu naskah nyaritakeun ngeunaan kahirupan hiji kulwarga nu ancur masa depanna ku lantaran idéologi politik Bapana. Idéologi Bapana anu miluan oraganisasi terlarang, ngabalukarkeun kulawargana sangsara. Ieu naskah nyaritakeun kaayaan kahirupan di taun 1969, di mana harita keur papanasna isu politik anu disababkeun ku kajadian taun 1965, anu implikasina gedé pisan kana sajarah bangsa Indonésia.

Ajén politik nu aya dina ieu naskah teu dijéntrékeun sacara éksplisit, tapi nyampak dina dialog-dialog antartokohna nu nyabit-nyabit perkara idéalisme politik tokoh Bapa. Ajén politik nu kapaluruh ogé réréana ajén politik nu aya patalina atawa anu mangaruhan kana kahirupan masrakat, ku sabab mémang carita dina ieu naskah museur kana hal-hal nu mangaruhan kana kahirupan kulawarga dina hiji masarakat.

Fajar Abdul Malik Al Mansur, 2022

AJEN-AJEN POLITIK DINA NASKAH DRAMA “NU JARADI KORBAN” KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tina hasil panalungtikan, panulis nyindekkeun jeung nandeskeun yén ieu naskah drama téh tos hadé. Ku sabab tina caritana, ieu naskah réa ku ma'na nu nyamuni, hususna dina kahirupan kulawarga jeung masarakat. Sanajan sacara struktur ieu naskah kawilang can lengkep, tapi ku teu ayana épisode jeung épilog ogé teu pati mangaruhan kana ésénsi carita jeung pesen nu rék ditepikeun.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga mangrupa salah sahiji naskah drama nu beunghar ku ma'na nu boh nu nyampak boh nu nyamuni dina ungkara-ungkaranana. Struktur jeung unsur carita ieu naskah bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra Sunda, hususna naskah drama Sunda.

Ajén politik nu nyampak dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga bisa ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra jeung ajén politik.

5.3 Saran

Dina panalungtikan tangtu moal bisa leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkérana. Kitu ogé dina ieu panalungtikan, panulis rumasa yén ieu panalungtikan miboga sababaraha kahéngkérana dina sababaraha aspék. Panulis ogé miharep mugia kaonjoyan dina panalungtikan ieu bisa jadi mangpaat, utamana dina hal kahadéan.

Ku kituna aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun deui aprésiasi drama. Saran nu baris ditepikeun nyaéta pikeun panalungtik, pikeun mahasiswa, jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamekarkeun deui panalungtikan nu nganalisis aspék séjén salian ti struktural jeung ajén politik sangkan aspék-aspék séjén bisa kaguar sarta miboga mangpaat pikeun kabeungharan élmu pangaweruh, hususna dina widang sastra.

Pikeun mahasiswa dipiharep ieu panalungtikan bisa mangpaat sarta bisa jadi référénsi hususna nu patali jeung widang sastra, drama, struktural, jeung ajén politik.

Pikeun masarakat umum dipiharep ieu panalungtikan bisa méré sumbangsih dina kabeungharan pangaweruh ngeunaan struktural jeung ajén politik dina naskah drama, sarta ngaronjatkeun kamekaran sastra Sunda, hususna naskah drama Sunda.